


Pa Prezidan
Thomas S. Monson



Li pa isit la, men li resisite

Jodia se sèlman debri yo ki rete nan Kapènawòm, vil sa a bò lanmè a, kè ministè Sovè a nan Galile a. La a li te preche nan sinagòg la, anseye bò lanmè a, e geri moun nan lakay yo.

Nan kòmansman ministè li, Jezi te pran yon tèks nan Ezayi: “Lespri Bondye, Senyè a desann sou mwen; paske Senyè a te chwazi m, li voye m pou m anonse bon nouvèl la bay moun ki nan lapenn yo, pou m geri tout moun k ap soufri yo, pou m fè tout moun yo te depòte yo konnen yo delivre, pou m fè tout prizonnye yo konnen pòt prizon louvri pou yo” (Ezayi 61:1; gade tou Lik 4:18) — yon deklarasyon klè sou yon plan diven pou pote sekou bay pitit gason ak pitit fi Bondye yo.

Men prèch Jezi a nan Galile a sete sèlman kòmansman an. Pitit Gason Lòm nan te toujou gen yon randevou terib pou l respekte sou yon mòn ki te rele Gòlgota.

Jezi, ke yo te arete nan Jaden Jetsemani an apre Dènye Soupe a, ke disip li yo te ale kite li, ke yo te krache sou li, jije li, ak imilye li, te twote anba gwo kwa li a pou monte sou Kalvè a. Li te pwogrese soti nan triyonf ale nan trayizon, matirize, ak lanmò sou kwa a.

Dapre pawòl kantik “The Holy City (Vil Sent la)”:

Sèn nan te chanje . . .

Maten an te frèt e bay frison

Pandan lonbraj yon kwa te leve

Sou yon kolin solitè.¹

Pou nou Papa nou ki nan Syèl la te bay Pitit Gason li a. Pou nou Gran Frè nou an te bay lavi li.

Nan dènye moman an Mèt la te kapab vire do li. Men li pa t fè sa. Li te desann pi ba pase tout bagay pou l te kapab sove tout bagay: ras lèzòm, tè a, ak tout lavi ki te janm abite ladan.

Pa gen okenn pawòl nan Krisyanis la ki siyifi plis pou mwen pase pawòl zanj lan te di Mari Magdala ki t ap kriye a ak lòt Mari a lè yo te pwoche bò tonm nan pou al okipe kò Senyè yo a: “Poukisa n ap chèche moun vivan an nan mitan mò yo? Li pa isit la; li resisite” (Lik 24:5–6).

Avèk deklarasyon sa a, moun ki te viv yo epi ki te mouri yo, moun k ap viv kounyeya epi ki ap gen pou mouri yon jou yo, ak moun ki poko fèt yo e ki poko mouri yo te jwenn sekou.

Kòm rezilta viktwa Kris la sou tonm nan, nou tout ap resisite. Sa se redanmsyon nanm nan. Pòl te ekri:

“Gen . . . kò selès, ak kò terès: men glwa selès la se youn, epi glwa terès la se yon lòt.

“Gen yon glwa ekla solèy, epi yon lòt glwa ekla lalin, epi yon lòt glwa ekla zetwal: paske menm yon zetwal diferan avèk yon lòt nan ekla li.

“Se konsa tou sa va ye pou rezirèksyon moun ki mouri yo” (1 Korentyen 15:40–42).

Se glwa selès la n ap chèche. Se nan prezans Bondye nou vle demere. Se nan yon fanmi etènèl nou vle vin manm.

Konsènan Li menm ki te delivre nou chak anba lanmò etènèl la, mwen temwaye ke li se yon enstriktè laverite — men li plis pase yon enstriktè. Li se egzanp lavi pafè a — men li plis pase yon egzanp. Li se gran doktè a — men li plis pase yon doktè. Li se Sovè literal mond lan, Pitit Gason Bondye a, Prens Lapè a, Sen Izrayèl la, limenm Senyè resisite a, ki te deklare: “M se premye a ak dènye a; Se mwen menm ki vivan an, se mwen menm yo te touye a; m se avoka ou bò kote Papa a” (D&A 110:4).

“O ala bèl lajwa fraz sa a bay: ‘Mwen konnen Redanmtè m nan vivan!’”²

Konsènan sa mwen temwaye.

NÒT

1. Frederick E. Weatherly, “The Holy City” (1892).
2. “Je sais qu’il vit, mon Rédempteur,” *Cantiques*, no. 73.

ANSÈYMAN APATI MESAJ SA A

Bon enstriktè yo ankouraje inite pami moun y ap anseye yo. Lè moun yo pataje ide yo epi youn koute lòt nan respè, yo non sèlman jwi yon atmosfè pozitif

pou aprann men tou, yo vin pi ini (gade *Teaching, No Greater Call* [1999], 63). Inite ap devlope pami moun ou anseye yo lè ou menm avèk yo, nan reverans, rann temwayaj nou sou Ekspyasyon Jezikri a ak rezirèksyon li. Inite sa a kapab ede fanmi yo suiv konsèy Prezidan Monson nan pou vin yon “fanmi etènèl” la.

JÈN YO

Li te montre nou chemen pou retounen lakay la

Sovè a te vini sou tè a pou montre nou kijan pou nou viv plan an ki te prepare nan syèl la—yon plan ki, si nou viv li, ap fè nou gen bonè. Egzanp li te montre nou mwayen pou nou retounen lakay al jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Okenn lòt moun ki te viv pa t osi ‘fèm ak inebnanlab’ (Mozya 5:15). Li pa t janm distrè. Li te konsantre sou fè volonte Papa li, epi li te rete sensè ak misyon divin ni an. . . .

“Ou fè pati plan mèveye sa a ki te prezante nan demè premòtèl yo. Vini ou sou tè a kounyeya te prepare depi lè plan an te aksepte a. Pozisyon ou nan tan ak plas kote ou ye a se pa yon aksidan. ‘Gwo lafwa ou ak bon zèv ou’ (Alma 13:3) lè sa a te poze fondasyon pou sa ou ka akonpli kounyeya si w rete fidèl ak obeyisan. . . . Ou gen yon gwo travay pou w fè. Pou ou kapab akonpli misyon divin ou ak viv plan bonè a, ou menm tou ou dwe fèm ak inebnanlab.”

Elaine S. Dalton, Prezidan jeneral Jènfi yo, “At All Times, in All Things, and in All Places,” *Liahona*, Me 2008, 116.



Bi Sosyete Sekou

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon yo pou ede ou fòtifye sè ou yo epi fè Sosyete Sekou jwe yon wòl aktif nan lavi pa ou.

Lè prezidans nou an te fèk aple, yo te ba nou materyèl sou istwa Sosyete Sekou. Nou te etidye yo nan lapriyè, paske nou te vle konnen bi Sosyete Sekou ak kisa Senyè a ta renmen nou fè. Nou te aprann ke bi Sosyete Sekou jan li te etabli pa Senyè a se pou òganize, anseye, ak enspire pitit fi l yo pou prepare yo pou benediksyon lavi etènèl yo.

Pou akonpli bi Sosyete Sekou a, Senyè a bay chak sè ak tout òganizasyon an antye tach pou:

1. Grandi nan lafwa ak ladwati pèsonèl.
2. Fòtifye fanmi yo ak fwaye yo.
3. Pote sekou nan sèvi Senyè a ak pitit li yo.

Nou kapab fè travay sa a nan fason Senyè a sèlman lè nou chèche, resevwa ak aji sou revelasyon pèsonèl. San revelasyon pèsonèl, nou pa kapab reyisi. Si nou koute revelasyon pèsonèl, nou pa ka echwe. Pwofèt Nefi anseye nou ke Sentepri a ap montre nou “tout bagay [nou] dwe fè” (2 Nefi 32:5). Nou dwe rete trankil ase ak pezib ase pou n koute vwa Lespri a.

Sè yo, nou gen yon wòl vital pou

nou jwe nan ede bati wayòm Bondye a ak prepare pou vini Senyè a. Anfèt, travay Senyè a pa kapab akonpli san èd pitit fi l yo. Poutèt sa, Senyè a atann pou nou ogmante kontribisyon nou. Li atann pou nou akonpli bi Sosyete Sekou a plis pase jamè anvan sa.

Julie B. Beck, prezidant jeneral Sosyete Sekou.

Apati ekriti yo

Detewonòm 6:5–7; Lik 10:30–37; Jak 1:27; 2 Nefi 25:26; Mozya 3:12–13

Apati istwa nou

Nan yon reyinyon Sosyete Sekou, jou 9 Jen 1842, Joseph Smith te anseye sè yo ke sosyete yo a sete “non sèlman pou soulaje pòv yo, men pou sove nanm tou.”¹ Deklarasyon konsènan bi espiyèl ansanm ak tanporèl te karakterize Sosyete Sekou atravè tout listwa. An 1906 Prezidan Joseph F. Smith (1838–1918) te anseye: “[Sosyete Sekou] non sèlman gen pou fè fas ak bezwen pòv yo, moun malad ak moun ki nan bezwen, men tou, yon pati nan devwa li — e se pi gwo pati a, tou — se veye sou byennèt

espiyèl ak sali manman ak pitit fi Siyon yo; pou veye pou yo youn pa neglije, men ke tout prezève kont malè, kalamite, pouvwa tenèb yo, ak mechanste ki menase yo nan mond lan.”² An 2001 Èldè M. Russell Ballard nan Kolèj Douz Apot yo te repete, “Chak sè nan Legliz sa a ki fè alyans avèk Senyè a gen yon manda diven pou ede sove nanm, pou dirije fi yo nan mond lan, pou fòtifye fwaye Siyon yo, ak pou bati wayòm Bondye a.”³

NÒT

1. Joseph Smith, *History of the Church*, 5:25.
2. *Enseignements des présidents de l'église: Joseph F. Smith* (1998), 185.
3. M. Russell Ballard, “Women of Righteousness,” *Liahona*, Des. 2002, 39.

Kisa m ka fè?

1. Ki enspirasyon m te resevwa pou ede sè m yo grandi nan lafwa ak ladwati pèsonèl e fòtifye fanmi yo ak fwaye yo? Ki sekou m ka bay?
2. Nan ki fason m pral itilize mesaj sa a pou fòtifye lafwa mwen ak ogmante pwòp angajman mwen pou ladwati pèsonèl?

Pou plis enfòmasyon, ale nan www.reliefsociety.lds.org.